

Kisa yon Plan Amelyorasyon ak Siveyans Lekti ye?



Yon Plan Amelyorasyon ak Siveyans Lekti, pafwa yo rele li RIMP, se yon dokiman lekòl yo itilize pou suiv fason y ap sipòte yon timoun nan aprantisaj lekti ak ekriti, si timoun nan pa gen yon nòt ki egal oswa pi wo pase yon nòt tè dyagnostik lekti pou klas li a. Sa kòmanse nan kindègadenn. Ou ka wè yon [Egzanp Modèl RIMP anliy](#).

Daprè lalwa, tout lekòl piblik nan Ohio dwe kreye yon Plan Amelyorasyon ak Siveyans Lekti pou yon elèv yo jije ki an reta (li li pi ba nivo klas li a), nan espas 60 jou aprè yo fin resevwa rezilta dyagnostik lekti a. Sa a se yon pati nan [Lwa sou Garanti Lekti pou Twazyèm Ane nan Ohio](#) (Gade [Kòd Revize Ohio](#) 3313.608).

Ki wòl mwen antanke paran/responsab legal nan sa ki lye ak Plan Amelyorasyon ak Siveyans Lekti a?

1. **Plan an se yon opòtinite pou ou travay ansanm ak lekòl la.** Lalwa egzije distri lekòl ou a pou enplike ou menm ak pwofesè klas pitit ou a nan elabore plan an. Plan an dwe mansyone sipò lekti ak ekriti pitit ou a ap gen pou resevwa a. Sipò ki nan plan an dwe baze sou done lekti ak ekriti pitit ou a, epi sou lide ou genyen sou fason pitit ou a aprann pi byen.
2. **Plan an se yon dokiman ekri, ki ap ede ou suiv pwogrè pitit ou a ak sipò lekòl la bay anmezi tan an ap pase.** Yo ap kontinye mete RIMP a ajou epi itilize l pandan tout pakou akademik pitit ou a, depi nan kindègadenn rive nan 12yèm ane, jiskaske li rive li nan nivo klas li ye a.
3. **Kòm plan an presize ki konpetans egzak pitit ou a bezwen travay sou yo, ou kapab ede pitit ou a pratike konpetans sa yo tou lè li pa nan lekòl la.**

Egzanp

Rezilta Tès Dyagnostik Lekti yon timoun montre li bezwen plis sipò pou li rekonèt premye son nan mo yo. Yo ekri yon plan (RIMP) pou sipòte timoun nan epi pataje l ak paran timoun nan.

Pwofesè a ak paran yo rankontre epi yo chak pataje lide yo pou kreye plan an, yon fason pou ede timoun nan pratike son ak lèt sa yo pandan jounen lekòl la. Yo planifye tou kilè y ap evalye konpetans timoun nan ankò epi pale sou sa ankò.

Lekòl la fè chanjman nan plan an pou ajoute sa yo te pale nan reyinyon an ak paran yo epi li voye yon kopi plan an bay fanmi an.

Pitit ou a ap gen yon Plan Amelyorasyon ak Siveyans Lekti jiskaske li rive li nan nivo klas li ladan an. Elèv yo ka gen yon RIMP pandan tout pakou yo rive nan 12^{yèm} ane. Lekòl yo kapab kreye tou yon RIMP pou elèv yo si gen prèv ki montre elèv la bezwen sipò nan lekti, menm si li fè yon nòt ki pi wo pase nòt klas li ladan an nan kòmansman ane a.

Ou Gen Kesyon? Voye yon imèl bay ThirdGradeGuarantee@education.ohio.gov.